



Pou Piblikasyon Imedya: 28/12/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN LEJISLASYON POU ELAJI OPINYON PIBLIK LA NAN PWOSESIS ELABORASYON RÈGLEMAN YO

### *Lejislasyon (S.0155/A.6267) pèmèt ajans yo itilize teknik inovan nan òganize odyans piblik sou règleman pwopoze pou mande patisipasyon piblik la*

Gouvènè Kathy Hochul te siyen jodi a lejislasyon (S.0155/A.6267) ki ranfòse davantaj kapasite piblik la pou patisipe nan pwosesis elaborasyon règleman an. Lejislasyon sa a ta pèmèt yon ajans itilize metòd ki pa tradisyonèl yo pou jwenn plis patisipasyon piblik. Piblik la ta kapab tou soumèt yon petisyon valab bay yon ajans pou mande yo fè yon odyans sou yon règ oswa yon règleman espesifik.

"Administrasyon mwen an pran angajman pou li vire paj la epi kòmanse yon nouvo epòk ouvèti ak transparans nan gouvènman eta a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen fyè pou m siyen lejislasyon sa a, ki franchi yon gwo pa annavan pou asire travay nou fè nan non Nouyòkè yo reponn ak opinyon piblik la e ke biznis ajans eta yo fèt anba je tout moun n ap sèvi yo - pa dèyè pòt ki fèmen yo."

Lejislasyon S.0155/A.6267 amande Lwa sou Pwosedid Administratif (Administrative Procedure Act, SAPA) Eta a pou otorize ajans ki fè odyans sou règleman pwopoze dapre SAPA pou itilize mwayen inovan pou amelyore patisipasyon piblik nan elaborasyon règleman tankou:

- Deziyen yon segman tan pou piblik la adrese kesyon ak pèsònèl ajans lan;
- Òganize odyans kòm diskisyon tablewonn; pwogramme odyans pandan aswè oswa wikenn; ak
- Sèvi ak teknoloji dijital, emisyon ak telekonferans.

Lejislasyon an egzije tou ajans sa yo ki garanti nan pwogram nan pou yo òganize odyans piblik sou règleman yo pwopoze lè yo resevwa petisyon alekri ak kantite siyati nesèsè nan men moun ki abite nan Eta New York, depi yo resevwa yon petisyon ki sifi pa pita pase 30èm jou anvan dènye dat pou yo fè kòmantè piblik la. Ajans ki resevwa petisyon apre dat sa a ak ajans ki pa kouvri pa lejislasyon an gen opsyon pou yo òganize yon odyans piblik dapre demann lan. Ajans yo gen obligasyon pou yo konsidere demann pou yon odyans fèt nan yon rejyon an patikilye.

Ajans yo pa oblije fè odyans piblik pou règleman ki gen yon odyans ke lalwa egzije men ki te deja pwograme oswa fèt, pou règleman konsansis, pou règleman ki gen rapò ak fè tarif, oswa pou règleman yo adopte sou yon baz ijans. Lejislasyon sa a presize ke ajans sa yo oblije fè odyans sou baz pilòt lè yo resevwa yon petisyon: Komisyon Konsèy Konpansasyon Travayè ak Depatman Edikasyon, Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal, Sante, Sèvis Finansye, Travay ak Asistans Fanmi yo.

**Senatè Eta a, Michael Gianaris te deklare,** "Pandemi COVID-19 la te anseye nou enpòtans krisyal transparans nan gouvènman an. Nou ta dwe an amoni ak ideyal pwogresis nou yo epi fè gouvènman nou an vrèman aksesib ak moun li sèvi yo. Mwen byen kontan Gouvènè Hochul pataje kwayans sa a epi li siyen lwa sa a."

**Manm asanble Zohran Mamdani te di,** "Ajans eta yo ta dwe rann nou kont men istorikman yo te rasanble twò piti opinyon nan men piblik la, epi yo te fè sa yon fason ki pa efikas. Mwen fyè dèske lejislasyon sa a pral aplike nouvo fason pou gen plis sans patisipasyon piblik nan pwosesis pou pran desizyon an - pou pwolonje demokrasi a odela bilten vòt la epi kite li an amoni ak non li."

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418